ISSN 0207-6551

# Нур

2

2019



6+

Ныбжьэгъу цІыкІухэ!

Мы къыдэкІыгъуэр сурэт теплъэгъуэу зэхэтщ. Нарт Щэуей теухуа хъыбарыр теплъэрыІуатэ тхуэзыщІар сурэтыщІ Мысачэ Муратщ. Къанж и къуэ Щэуей къаруушхуэ зыхэлъ лІыхъужь хахуэт. Абы и анэ Нэрыбгей иныжьыпхъут. Арами, иныжь лъэпкъыр зыІэщІэкІуэдэжар а нартырауэ хъыбархэм къахощ. *(феджэ: Нарт эпос. 1995 гъэ: ХьэщІэмрэ Щэуейрэ. Нап. 522-523).*

Нартхэ я тхьэмадэ Нэсрэн ЖьакІэ хъуапсэрт ипхъу Акундэ Щэуей къритыну, ТІотІрэши и шыпхъу Дэнэху къригъэлъэгъуат... АрщхьэкІэ нарт лІыхъужьым и гур зыхьэхуар езым къигъуэтыжа ЩхьэцфІыцІэщ.

Щэуей и закъуэу иныжьхэм езэуакъым, хьэщІэу къыхуеблэгъа щІалэ мыцІыхур и гъусащ.

Зэрыхъуам сурэту феплъ.

# ЩЭУЕЙРЭ ЩХЬЭЦФІЫЦІЭРЭ




Щэуей, сэ тхьэ Iуа
сиIэщи, сыяпэщ.
Сыпхуей хъумэ,
сыноджэнщ.
КъысхуэпщIэн?
ЗэрыжыпIэ
сыпхуэхъунщ.








Мо зи щхьитху зеуалэри улэжь гуэрщ. Гугъу сыдемыхьыну фэ изоплъ. Сэ сезэуэнщ.
АтIэ, щхьэ сыкъепшэжьа? Сэри зыгуэр къыслъыгъэс.
Фууу, цIыкIужьейхэ, пэцыр иречри фи цIыхумэм! Фыкъа-кIуэ мыдэ! Иныжь Щхьищ пэцихуэт, мыхъумышхэт. Сэ лыIу-лыIуу фыстхъынщи, IэфI мащIэу фысшхынкъэ иджы!!!




УэI! Мы «Iуащхьэ бацэжьыр» фэкIэ соцIыху. Нарт хэку ниджадэурэ слъэгъуащ. Си щIыхуэ телъщи, къеIызгъэхыж.
Хьэуэ. Сэри си щIыхуэшхуэ телъщ абы. Ауэ сыкъыхигъащIэ хъумэ, умыбэлэрыгъ…


...Хьэдэлъэмыж-кхъэ лъахэу иуэжынкъэ иджы иныжь хэкур?! А щхьэ ПщыкIутIыр нэхъ сфIэпсэкIуэдт, гъыбзэ игъэшу и псэр хэкIа мыгъуэщ. АтIэ, уэ щауэфIыр хэт ухъуну?
Иныжьхэм си дэлъхуиблыр яукIати, силъ сщIэжащ. Уэрыншэу сапэлъэщынтэкъым, Щэуей. ФIыщIэ пхузощI.





Сэ сыщауэкъым… Гъуэгу махуэ! Укъысхуеймэ, сыкъэбгъуэтынщ…



Жэщибл-махуиблкIэ укIуэнщи Iуащхьи-блым уащхьэдэхынщ. Хым и курыкупсэм хэт быдапIэм щIозэшыхь узылъыхъуэр.


Жьыщхьэ махуэ ухъу, ди анэ.
Гъуэгу махуэ! Хым ихъуреягъкIэ псышэдщ, къуэм удэмыхьэ.
Укъалъэрэ, мыбы сыщIэпхмэ, щIым и гъунэм сыныбдэкIуэнщ, Щэуей махуэ.
Си жейр зыхьа ЩхьэцфIыцIэ, усхьыну сыкъэкIуащ!


ЩхьэцфIыцIэ а нартыжь цIыкIум къыIэщIэзмыхмэ, си лъагъуныгъэ яжьэм сижьэжыни!


Укъызбгъэдэмыхьэ! Уи псэр хэсхынщ!
КъыздэкIуэ, дахащэ. СодэхащIэу дыщэ ахъшэм ухэзгъэсынщ. Уэ фыз ухъумэ, сэ лIы сыпхуэхъунщ.
КIэрыт атIэ мыбдей, губзыгъэ ухъухукIэ!!! Сэ зыщIыпIи сыпIащIэкъым...
Сыту жей Iувыщэ уиIэ, щауэ мыгъуэ! Уи дахэр уд ябгэм игъэкIуэсаи. Еу-уей, еу-уей...
Гъуэгур сыгъэлъагъу.


Мазибл гъуэгу пкIурэ къуэ кIуэцIиблым уикIмэ удым и лъахэ уихьэнщ. Абы и хьэIуцыдзхэм зыкъуадзынущ. Уи насып ятекIуэрэ уаIэщIэкIмэ, благъуэ гъуамэм и гъуэзыми уимысу унэсмэ, удым и быдапIэм ухуэзэнщ.














Уи ажалыр къэсакъэ иджы, щхьэ мыгъуэ-псэ гъуамэ? Емынэм узэрихуэу дунейм щхьэ утет?
Нарт щауэфI! Сэ мылъку си куэдщ. ФIыгъуэу сиIэр уэстынщ, зы щай фIыщIэ къэзмыгъанэу. СумыукI!!!




Си хьэтыр къэлъагъуи умыукI, си щIалэ. Мыр силIщ. Мылъкуу диIэр идыгъури псэлъыхъуу ежьэжат мы хьэм яшхыжыныр!… Ар иджы сэ сIэщIэкIмэ си Iуэхущ.
Псэу, атIэ. Ауэ, акIэ цIахуэ, уигу ф1ыц1эм мурад фIей къихьэрэ унежьэмэ, уи цыпэтхъуми семыплъыжыныр си тхьэрыIуэщ!






НУР

*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ*
**«НУР»**

Издается
С 1 января 1982 года
№ 2 2019 г.

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
***Б. М. АБРОКОВА***

Редатор
***П. ХАТУЕВ***

Редакционный совет:
***Х. КАРМОКОВ***
***Е. ТХАМОКОВА***
***Х. ТИМИЖЕВ***
***П. ХАТУЕВ***

Художественный редактор
***М. ХАЛИЛОВА***

Корректор
***Ф. КУРАШИНОВА***

Набор и вёрстка
***Н. РАСТОРГУЕВОЙ***

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати
05.02. 2019 г.
Выход в свет 28.02.2019 г.

Формат 60х90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 2285 экз.
Заказ № 246
Индекс 73912

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 14,63 руб.; за 6 мес.– 87,78 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5.
ГКУ «КБР-Медиа».
Дом печати.

Отпечатано в типографии ООО «Тетраграф» 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 33.

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.